



Distri Lekòl Metwopoliten nan Pike Township

“Lekòl Egzanplè Fè Pwogrè Ekstrawòdinè”

Byenveni nan Pike Township!

Pwosedì Enskripsyon

Etap 1: Detèmine nan ki limit kay ou a sitiye. Vizite sit entènèt nou an nan <http://www.pike.k12.in.us>. Nan ba meni anlè a, ale nan tab Enskripsyon an epi chwazi "Chache Lekòl la & Chèche Estasyon Otobis." Ou kapab kontakte Depatman Transpò nou an tou nan (317) 280-2450.

Etap 2: Kolekte enfòmasyon w ap bezwen pou w enskri anvan w vizite lekòl la:

- Pemi Kondwi ou Lisans oswa Paspò aktyèl la
- sètifika nesans
- Kat vaksinatyon ki resan
- Prèw Ki ka prouve ki kote ou ap viv*
- Non, adrès, telefòn ak nimewo faks ansyen lekòl pitit ou a

Si ou pa paran oswa gadyen an, eta a egzije w pou w montre dokiman orijinal gadyen yon tribinal ba ou oswa yon ajans.

Pou enskripsyon nan lekòl segondè, elèv, paran (yo), gadyen (yo) dwe bay tout dosye ki soti nan dènye lekòl moun nan, li ka dosye retrè (papyè ki di moun nan pa nan lekòl sa ankò, relve nèt, ak dosye disiplin.

***Prèw rezidans (papyè ki ka prouve kote ou abite):**

Daprè Kòd Indiana: elèv al lekòl nan lokakilite kote paran elèv la ap viv la. I.C. 20-26-11-2. Se rezidans yon timoun ki detèmine rezidans paran li (yo) oswa gadyen legal (yo). Kote rezidans sa a dwe nan limit distri Pike la pou timoun nan yo ka ale nan Pike Schools.

Paran legal (yo) oswa gadyen (yo) dwe bay yon dokiman nan chak seksyon, A, B, ak C. Si w ap viv tanporèman ak yon rezidan Pike Township:

-Rezidan an dwe bay yon dokiman nan chak seksyon: A, B, ak C

-Paran legal la (yo) oswa gadyen (yo) ap bezwen bay yon fom chanjman adres ak de let lapòs ki genn nouvo adrès kote ou abite a sou li

Seksyon A

Pou yon Pwopriyetè Kay: Kopi Deed of Trust, peman ipotèk aktyèl la, oswa papyè "Closing"

Pou yon Lokatè: Kopi Kontra Lwaye oswa Akò Lokatè

Seksyon B

Chwazi youn nan bòdwo oswa dokiman sa yo ki gen dat nan 30 dènye jou yo:

- Gaz oswa elektrik
- Egou oswa Dlo
- Asistans oswa Ajans Gouvènman an

Seksyon C

- Lisans chofè Indiana ki valab ak adrès aktyèl
- foto Idantite oswa konsila ID ki valab andeyò eta a.

Etap 3: Ranpli fòm Enskripsyon sou Entènèt la. Vizite <https://www.pike.k12.in.us/content/enrollment> pou jwenn plis direksyon.

Etap 4: Kontakte lekòl pitit ou a pou verifeye li resevwa aplikasyon an epi detèmine dat kòmansman enskripsyon an.